



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KA KE OU TE RATE LI: LÈT OUVÈT GOUVÈNÈ CUOMO NAN NEW YORK DAILY NEWS: NOUVO PLAN LIT NOU SOU CHAN BATAY COVID LA: ANDREW CUOMO EKSPoze NOUVO ESTRATEJI NEW YORK POU DEFÈT VIRIS LA**

***Gouvènè Cuomo: "Yon objektif san yon plan se sèlman yon souwè. Pliske [225,000] moun te pèdi lavi yo, sa demontre COVID se yon bagay pou nou enkyete de li e nou bezwen yon preskripsyon entelijan pou abòde ogmantasyon viris aktyèl la".***

New York Daily News te pibliye yon atik Gouvènè Andrew M. Cuomo ki ekspoze yon fèy de wout pou avni COVID-19 la, yon vaksen fiti ak plan New York pou diminye viris la. Tèks atik opinyon sa disponib anba la a, epi ou kapab jwenn li sou entènèt [isit la](#).

*Pandan politik la ap fè raj, ekonomi an ap souffri epi nèf yo ap ize, viris COVID la ap pwogrese.*

*COVID la anrasine byen fon kounye nan kay Ameriken an. Kijan viris la te fè pèmèt li imigre soti Lachin epi antre nan èpòt nou, soti Ewop san avèti, epi kijan peyi nou an te fè tèlman pa prepare pou fè fas ak epidemi an, apre li te fè eksperyans MERS, SARS ak Ebola, sa se yon sijè pou yon lòt jou. Men nan tout wout la, viris la te yon pa an avans sou nou.*

*Pliske sezon ete a chanje an otòn, epi otòn chanje an ivè, nou wè pwochen konba COVID la ap rive. Anfen, an nou planifye alavans.*

*Sezon ivè a ki manke kèk mwa pou li rive, se pral "sezon vaksen an." Nou ka idantifye kesyon ki konsène vaksen an men nou pa ko gen repons yo. Kilè yon vaksen ap devlope? Èske pèp Ameriken an ap kwè li san danje? Konbyen tan sa ap pran pou reyalize aktivite anmas pou vaksinen tout popilasyon an? (Peyi sa te fè 128 milyon tès COVID sèlman pandan sèt mwa ki pase yo; vaksen an egzije plis pase 300 enjeksyon.)*

*Èske gouvènman federal la ap devlope konpetans pou bay vaksen an nan fason ki efikas, oswa èske se eta yo y'ap kite jere sa pou kont yo, yon lòt fwa ankò? Èske administrasyon eta a ka jere yon travay konsa? Sa yo se kesyon pou antisipe, diskite epi rezoud. Wikenn pase a, Asosyasyon Nasyonal Gouvènè yo te voye 36 kesyon bay Prezidan Trump sou jesyon vaksen an ki pa ko gen repons.*

*Pandan n'ap planifye vaksen an, nou dwe fè fas ak isit la epi kounye a.*

Sezon otòn nan, jan yo te prevwa a, te obsève yon ogmantasyon nan pousantaj transmisyon viral la. Ekspè syantifik yo te prevwa ogmantasyon an pandan aktivite an gwoup yo t ap ogmante, lekòl ak inivèsite yo te ouvri, moun te deplase soti andedan epi "fatig COVID" la te enstale. Yon fwa ankò, gouvènman federal la pa gen yon estrateji oswa pwogram enpòtan ki depase avètisman prezidan an "Pa pè Covid la. Pa kite li domine lavi nou". Nan deba final li a ak Joe Biden, Trump te repete ve li a ke n'ap "vire paj la", ke viris la "ap ale".

Yon objektif san yon plan se sèlman yon souwè. Pliske [225,000] moun te pèdi lavi yo, sa demontre COVID se yon bagay pou nou enkyete de li e nou bezwen yon preskripsyon entelijan pou abòde ogmantasyon viris aktyèl la.

Nan New York, n'ap deplwaye yon nouvo estrateji pou sible "mikwo gwoupman" viral yo. Yo te itilize tès ak swivi kontak yo jiska jodi a pou kontwòle pwopagasyon enfeksyon an nan nivo eta a oswa nan nivo rejyonal. Nan gran nivo tès sa, yon lòt fwa ankò, nou te detekte yon ogmantasyon, viris la te gen tan enfekte anpil moun e li difisil pou ralanti, san nou pa di metrize, epi pa gen okenn efò mitigasyon ke nou ka deplwaye nan yon zòn jewografik ki gran, ki rann li pètiban anpil.

Kontwòle mikwo gwoupman yo enplike ogmantasyon rejim tès la pou idantifye pwopagasyon nan nivo ki ba sou yon anprent jewografik ki piti. Sa pèmèt li kontrenn anvan yon gran kantite moun enfekte epi diminye pètibasyon ekonomik ak politik nan aplikasyon nouvo restriksyon yo.

Pou detekte ti ogmantasyon sa yo, yon gran kantite tès dwe fèt. Tès la dwe depase done rejyonal oswa menm nivo konte a pou yon nivo analiz ki epapiye pa katye pou detekte kantite ka yo, souvan nan yon sèl chif nan yon zòn plizyè kilomèt kare ki limite.

Se konsa viris la pwopaje. Sa se nivo analiz ki lokalize ak presizyon ki nesèsè. Konsekans menm yon reyinyon anmas ki vyole règleman eta yo ka devastatè. Yon fèt 16yèm anivèsè agreyab, nan yon restoran nan Long Island te tounen yon kontaj 37 ka ki pa tèlman agreyab. Yon ba nan Konte Broome ak kèk nwit plezi te kreye plizyè moun ki sou ak plizyè douzèn ka COVID.

Depi yo detekte yon mikwo gwoupman, mezi koreksyon ki sible yo genyen ladan yo, ogmantasyon tès, swivi kontak yo, yon diminyon nan kantite reyinyon mas yo, limit restoran ak ba yo, e sa ki pi enpòtan, ogmante aktivite aplikasyon yo.

Byenke sa pran anpil tan, sa egzije yon nivo konpetans gouvènmantal epi li difisil sou plan politik, se sèl mwayen nou ka sispann pwopagasyon an. Sa ki enpòtan, sèke sa kritik nan yon moman kote anpil eta ap deplase nan direksyon ki opoze a: ap diminye kantite tès y'ap fè yo aktivman. Mwens tès vle di depi yo eta detekte yon ogmantasyon, l'ap prèske pa ka kanpe l, espesyalman pliske plis eta retisan oswa pa dakò pou adopte restriksyon sante piblik ki pi strik.

*Fason nou tetekte epi jere mikwo gwoupman sa yo ap detèmine nan ki pwen li efikas jan nou kenbe COVID la sou kontwòl pandan sezon otòn nan epi jiskaske gen yon vaksen ki fè prèv li defèt viris la nèt.*

*Kounye a plis ke jamè, gouvènman enpòtan epi lasyans enpòtan. Se sèl fason pou nou retounen nan bon sante nan kay Ameriken an.*

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)